

27 avril 2022

Chè fanmi,

Kominote lekòl nou yo rete ansekirite apre vakans prentan an. Nou remèsye w paske w itilize tès COVID-19 adomisil yo te distribye nan kòmansman mwa sa a. Pandan ka yo ap ogmante ankò nan Vil Nouyòk, n ap kontinye bay chak elèv kat kit tès COVID-19 pou pote lakay yo chak semèn jiskaske gen yon lòt avi. De nan tès yo se pou itilize pou pitit ou epi de se pou yon manm fanmi itilize. Tanpri itilize tès sa yo chak semèn, omwen nan eka senk jou, sof si w gen sentòm COVID-19. Tanpri sonje, si pitit ou a ekspoze nan salklas la l ap toujou resevwa de kit tès ak yon lèt avi k ap soti nan Sal Sitiyasyon an, epi l ap resevwa de lòt kit tès pandan semèn lan.

Si oumenm oswa nenpòt moun lakay ou teste pozitif, nou trè kontan kounye gen tretman COVID-19 ki san danje ak efikas, pami yo medikaman antiviral, ki disponib pou kèk moun ki gen laj 12 an pou pi piti ki teste pozitif. Ou ka jwenn aksè nan medikaman sa yo atravè doktè w oswa founisè swen sante w, oswa ou ka rele 212-COVID19 pou pale sou opsyon tretman avèk yon pwofesyonèl medikal. Tretman yo travay pi byen lè w kòmanse yo pi vit posib apre sentòm yo kòmanse epi yo ka ede diminye sentòm yo ak ede evite pou al entèn lopital. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade [COVID-19: When You Are Sick - NYC Health](#).

Kisa mwen ta dwe fè si pitit mwen an teste pozitif nan yonn nan tès yo?

- Elèv klas Kindergarten ak pi gran: Tanpri fè lekòl ou a konnen epi izole pitit ou a izole lakay li pou senk jou. Pitit ou a ka retounen lekòl nan sizyèm jou a si li pa gen sentòm oswa si sentòm yo ap amelyore (tankou si li pa gen lafyè pandan 24 èdtan san li pa itilize medikaman). Pitit ou a dwe mete yon mask ki byen chita sou figi li pandan li nan lekòl la jiska dizyèm jou apre tès pozitif la.
- Elèv Pre-K ak pi piti: tanpri fè/pwogram ou a konnen epi izole pitit ou a lakay li pou dis jou. Pitit ou a ka retounen nan lekòl/pwogram lan apre dizyèm jou a.
- Pou tout laj:
 - Tanpri sonje si pitit ou a teste pozitif, pitit ou a gen dwa pou l resevwa aprantisaj adistans ki pa senkwonize ak orè biwo pou tout dire peryòd izòlman pitit ou a.
 - Tanpri gade tablo gid COVID-19 nou an, ki disponib nan [schools.nyc.gov/2022Health](#), pou konnen lòt etap pou suiv si pitit ou a teste pozitif.

Ki kote mwen ka jwenn eksplikasyon sou kit tès la?

- Tout kit tès yo vini avèk eksplikasyon ki enprime sou yo ke ou sipoze suiv lè w ap fè tès la. Ou ka gade tou videyo ki nan divès lang sou kòman pou itilize kit tès ou a nan [schools.nyc.gov/HomeRapidTestKits](#).

Tanpri asire w pitit ou a ranpli fòm tès depistaj sante chak jou a, ki disponib nan [healthscreening.schools.nyc](#).

Sonje, vaksinasyon se pi bon zouti nou genyen pou konbat COVID-19 ak pou kenbe lekòl nou yo an sekirite pou tout elèv nou yo. Timoun ki gen laj 5 ane pou pi piti elijib pou pran vaksen kont COVID-19. Si pitit ou a elijib men li poko vaksinen kont COVID-19, ou ka pran yon randevou pou l pran vaksen nan vaccinefinder.nyc.gov oswa rele 311 pou jwenn yon lokal ki bay vaksen tou pre w. Vaksen an gratis pou tout Nouyòkè, kèlkeswa siti yasyon imigrasyon oswa asirans yo.

Vaksen rapèl (booster) yo disponib kounye a tou pou tout moun ki gen laj 12 ane oswa plis ki te resevwa dezyèm dòz vaksen nan yon seri vaksen de dòz sa gen omwen senk mwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou dòz booster yo, gade www1.nyc.gov/site/doh/covid/covid-19vaccines.page#boost.

Mèsi pou kolaborasyon ou toujou bay.



Dr. Cristina Meléndez
Direktris egzekitif
Angajman Fanmi ak Kominote